

# REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE  
Secrétariat Général de l'Etat

## **ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°6 YO KU WA GATATU** **IGENEKEREZO RYA 24 RUSAMA 2023**

Inama y'Abashikiranganji yakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 24 Rusama 2023 i Bujumbura, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aca hirya no hino ivyavuye mu nama nteguza y'iyo nama nshikiranganji, yabaye kw'igenekerezo ya 17 Rusama 2023, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

- 1. Integuro y'ibwirizwa rihindura ibwirizwa n° 1/21 ryo ku wa 3 Myandagaro 2019 rigenga Sentare Ntahinyuzwa, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ubutungane.**

Sentare Ntahinyuzwa ubu igengwa n'ibwirizwa 1/21 ryo ku wa 3 Myandagaro 2019 rihindura Ibwirizwa inomeru 1/07 ryo ku wa 25 Ruhuhuma 2005.

Kuva ritanguye gukurikizwa, abacamanza ba Sentare Ntahinyuzwa n'abashikirizamanza ba Paraki nkuru ya Repuburika baragize intambamyi z'ugukora,, zimwe zimwe ziturutse kw'ishirwa mu ngiro ryaryo.

Vyongeye, abacamanza bo mu burongozi bw'Ubushikiranganji bw'Ubutungane na bo nyene baragize izo ntambamyi mu gihe c'ukwihweza imanza zabaye ntabanduka zasabiwe gusubirwamwo canke gufutwa.

Ku bw'izo mvo zose, vyabaye ngombwa ko ibwirizwa rihasanze rihindurwa vyihutirwa mu ntumbero yo:

- Gutanga inyishu ku manza zaciwe na sentare, Inama nkuru y'Ubucamanza yemeje ko bigaragara ko zaciwe nabi;
- Gutuma Sentare Ntahinyuzwa ikora neza gusumba amabanga ishinzwe yo guserukira Urwego rw'Ubutungane no gucungera ko izindi sentare zikurikiza neza amabwirizwa;
- Gutomora ivyerekana ko urubanza rwaciwe nabi mu buryo bugaragara no gushiraho ingingo zikurikizwa mu gusaba gutunganirizwa;
- Gushinga Sentare ntahinyuzwa isasa ibisata vyayo vyose bikoranye, imanza zisabirwa ifutwa.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira :

- Gushiramwo ingingo yibutsa ko mu gihugu cose Sentare ari zo zica imanza kw'izina ry'Abarundi bose;
- Gushiramwo ingingo ivuga ko umukuru wa Sentare ntahinyuzwa akurirwa n'Inama nkuru y'ubucamanza, umukuru wa sentare wese nawe akabazwa ivyo arangura n'umukuru wa sentare imukurira;
- Gutomora ko umukuru wa sentare ategerezwa gukurikirana ko muri sentare ajejwe amategeko ariko ashirwa mu ngiro nk'uko bitegerezwa;
- Kugirango imanza zishirwe mu ngiro neza, abakuru b'ama sentare bategerezwa gukorana n'abajwe intwari n'inzego z'igipolisi;
- Abakuru b'amasentare bategerezwa gukurikirana inyifato y'abacamanza mu kazi kabo ;
- Kwumvisha abacamanza ko ubwigenge bwabo budasigura ko umukuru wa Sentare abujijwe kuraba ingene abacamanza ayoboye baciye imanza;
- Ku ngingo ya'172 ivuga ko « Sentare ifata ingingo itagira iyungururizo » gutomora ko ari mu gihe urubanza rwaciwe nabi mu buryo bugaragara ;
- Gusubiramwo itegeko riha uturusho umukuru wa Sentare ntahinyuzwa n'umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika, hakajamwo n'uduhabwa icegera c'umukuru wa Sentare Ntahinyuzwa, n'icariho ca mbere c'umushikirizamanza kizigenza wa Repuburika. Nico kimwe n'itegeko riha uturusho umukuru wa Sentare ijejwe kwubahiriza ibwirizwa shingiro ariko ataco rivuga ku cegera ciwe.

2. **Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano hagati ya Reta y'Uburundi na Reta ya Qatar ajanye no guhanahana abakozi**, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe imigenderanire y'Uburundi n'amakungu no gufashanya mw'iterambere.

Ubwimukira ubu buri kw'isi yose kandi buguma bwiyongera.

Reta y'Uburundi imaze kubona akamaro kw'ubwo bwimukira, mw'ishaka ifise kandi ryo gutorera inyishu ingorane zishobora kwibonekeza, iriko irakora ibishoboka vyose kugirango

ikurikirane neza ingene abakozi b'Abarundi baja gukora mu bindi bihugu, mu gushiraho amategeko yokwisungwa n'ibihugu bajamwo, ibifashanije n'ivyo bihugu nyene.

Nico gituma Reta y'Uburundi na Reta ya Qatar zashize umukono ku masezerano yo guhanahana abakozi, kandi bakaba bakingiwe n'amategeko.

Iyemezwa ry'ayo masezerano rifise intumbero y'uko yotangura kuja mu ngiro, no gukomeza imigenderanire n'ubucuti ivyo bihugu bibiri bisanganywe.

Iyemezwa ryayo, rizofasha kandi urwaruka rw'Abarundi kuronka akazi.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza nteguro, **yarayemeje**, ica isubira kwibutsa ko integuro z'amabwirizwa zoza zirashikirizwa zahinduwe mu rurimi rw'Ikirundi.

3. **Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano hagati y'ibihugu bisangiye Uruzi Nil**, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe imigenderanire y'Uburundi n'amakungu no gufashanya mw'iterambere.

Uburundi buri mu mashiramwe menshi yo mu karere, harimwo n'irigizwe n'ibihugu bisangiye uruzi Nil.

Iryo shirahamwe ryashinzwe kw'igenekerezo rya 22 Ruhuhuma 1999 n'ibihugu cumi na kimwe (11) arivyo Uburundi, Repuburika iharanira Demokarasi ya Kongo, Misiri, Eritreya Etiyopiya, Kenya, Uganda, Urwanda, Sudani na Tanzaniya. Muri ivyo bihugu, bitandatu vyarashize umukono kuri ayo masezerano, arivyo Uburundi, Kenya, Uganda, Tanzaniya, Urwanda na Etiyopiya, kandi ivyo bitatu vya nyuma vyaramaze kuyemeza.

Twomenyesha ko mu mwaka w'1929, habaye amasezerano aha uburenganzira ibihugu vya Misiri na Sudani vyonyene bwo gukoresha amazi y'uruzi Nil akaba yarasubiye guterwa ko umukono mu mwaka w' 1959, ibihugu bindi bikaba bisa n'ivyakumiriwe n'ayo masezerano.

Iyemezwa ry'ayo masezerano rizotuma haba isabikanywa ry'amazi y'uruzi Nil ata wandya wangura, kuko n'ivyo bihugu bindi ubu birakeneye ayo mazi mw'iterambere ryayo.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**.

4. **Integuro y'itegeko risubiramwo itegeko n° 100/011 ryo ku wa 06 Ruhuhuma 2018 ritunganya Ibiro bikuru vy'Igisirikare c'Uburundi n'ibisata bikigize**, yashikirijwe n'umushikiranganji wo kwivuna abansi no kwitaho abahoze ku rugamba.

Iyo nteguro ije gushira mu ngiro ibwirizwa n° 1/21 ryo ku wa 27 Ruheshi 2022 rishinga imirimo rikongera rigatunganya igisirikare c'Uburundi n'ibisata bikigize.

Iryo bwirizwa ryarongeyemwo ibisata bishasha mu gisirikare, nk'igisata mu vyo kijejwe harimwo gufasha mu bikorwa vy'iterambere (Force de Réserve et d'Appui au Développement) be n'umurwi w'igisirikare ujejwe ibikorwa bidasanzwe (Unité des Opérations Spéciales). Iyi nteguro iratomora imirimo y'ivyo bisata bishasha. Hari n'ibindi vyahinyanyuwe neza mu bisata bimwe bimwe vyari bihasanzwe, kugirango bikore neza kuruta.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurkira:

- Aho gutegekanya inyigisho zotangirwa mu gisata kijejwe abakozi (G1) ku bisongerezi vy'intwazangabo, izo nyigisho zotangirwa mu gisata gisanzwe kijejwe inyigisho;
- Kwagura imirimo y'igisata kijejwe inyigisho kigatanga n'izijanye no kugwiza umwimbu;
- Ivyo bisata bishasha vyofatwa nk'ibindi bisata vyose vyari bihasanzwe.

**5. Integuro y'itegeko nshikiranganji rishinga urugero rw'amahera abeshaho abahinga b'abasirikare b'Abarundi bari mu mirwi rusangi y'iperereza yashizweho n'Uburundi n'igihugu ca Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo, yashikirijwe n'umushikiranganji wo kwivuna abansi no kwitaho abahoze ku rugamba.**

Iyo nteguro ishingira urugero rw'amahera abeshaho ku kwezi ku kwezi abahinga b'abasirikare b'Abarundi bari muri iyo mirwi y'ipereza, ku bakorera i Buvira akaba ari mu mahera y'abanyemerika, ku bakorera i Bujumbura akaba ari mu mahera y'amarundi.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira :

- Kwandika umutwe w'iyi nteguro neza hakagaragara ko ayo mahera akoreshwa no mu bikorwa vy'iperereza vy'abo bahinga ;
- Kudatomora igitigiri c'abo basirikare n'akarere bakoreramwo hakavugwa igihugu gusa, kuko ico gitigiri canke ako karere bishobora guhinduka bifatiye ku vyoba bikenewe mu gihe iki canke kiriya;
- Kwandika ko iryo tegeko rizotangura kuja mu ngiro ku muni ritereweke umukono.

**6. Urupapuro rw'inzira rujanye n'ikoresha ry'ubuhinga bushasha bwo gutegekanya amahera ya Reta hisanzwe imigambi n'ibikorwa bazorangurwa (budget-programme), rwashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.**

Aho hatanguriye uburyo bushasha bwo gutunganya amahera ya Reta hafatiye ku migambi n'ibikorwa bazorangurwa kuva mu mwaka w'2022 ushira uw'2023, ubushukiranganji bw'ikigega ca Reta bwavuganyeye n'abahinga benshi b'Abarundi n'abashigikira Uburundi mu bijanye n'iterambere kugirango, baterere ivyiyumviro k'ukugene ico gikorwa corangurwa neza.

Inyuma y'igikorwa c'ubuhinga bijanye, cakoze muri Nzero 2022, urupapuro rw'inzira rwo gukoresha ubwo buhinga bushasha bwo gutegekanya amahera igihugu gikoresha rwarashikirijwe, rukaba rwerekana ko ubwo buhinga bwoba bwanonosowe neza mu mwaka w'2025 ushira uw'2026. Kubera ko ubushikiranganji bw'ikigega ca Reta bwabonye ko iryo hangiro risa n'uko riri kure, hari ivyo bwakoze vy'intangamarara bwisunze ivyiyumviro vy'abahinga, kugirango imigambi y'igihugu ijane n'iyo ngendo nshasha y'itunganywa ry'amahera y'igihugu.

Muri ivyo vyakozwe, harimwo nk'ibi bikurikira:

- Ingene ikoresheya ry'amahera ya Reta ryifashe muri iki gihe be n'ivyokorwa ;
- Gusuzuma ingene Umugambi w'igihugu w'iterambere uriko urashirwa mu ngiro ;
- Gushiraho ibifasha mu gutegekanya amahera Reta ikoresheya hafatiwe ku bitegerezwa gushikwako;
- Gutunganya ukundi gushasha amahera Reta ikoresheya mu kwitegurira ubwo buhinga bushasha bushingira ku migambi n'ibikorwa mu gutegekanya uburyo.

Umwihwezo w'ingene ubwo buhinga bushasha bukoreshwa werekanye ko hakenewe gushirwaho urupapuro rw'inzira rugizwe n'ibice bitatu bigenda vyuzuzanya, ni ukuvuga:

- ❖ Igice ca mbere: Gushiraho ibijanye n'ubuhinga bw'intango bukenewe mw'ikoresheya ry'ubwo buryo bushasha bwo gutegekanya amahera Reta ikoresheya;
- ❖ Igice ca kabiri : Kuva mu buryo bwa kera tukinjira koko muri ubwo buryo bushasha bwo gutegura no gukoresha amahera y'igihugu;
- ❖ Igice ca gatatu : Gushiraho ibifasha gukurikirana no gusuzuma ibiriko birakorwa.

Mw'irangurwa ry'igice kimwe kimwe cose, harerekana ibitegekanijwe gushikwako, ibikorwa bizorangurwa, ikiringo bizokorerwako, intambwe bigeze mu kurangurwa, n'uwo vyega.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza urwo rupapuro rw'inzira, **yararwemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira :

- Ku bijanye no gutegura inama yerekeye ivy'imitahe, gushiramwo ibisata vyose, vyaba ivyegamiye Reta canke ivy'abigenga kubera ko igikorwa co kurondera uburyo ari ica bose kandi kikaba igikorwa co kwamizako.
- Kwegeranya amategeko yose ashira mu ngiro ibwirizwa rishinga amahera Reta ikoresheya akaba yashizweko umukono imbere y'uko ukwezi kwa Ruheshi guhera .
- Kuraba mu bushikiranganji bwose amategeko ategerezwa gushirwa ku gihe yerekeye amahera ya Reta bakayamenyesha ubushikiranganji bw'ikigega ca Reta.

- Gufatira ku merekero y'Uburundi mu mwaka w'2040 mu gushiraho ibimenyetso vyerekana ivyakozwe (indicateurs) kandi isuzumwa ry'intambwe igezweko rikaba ku mwaka ku mwaka .

**7. Urutonde rw'imigambi n'ibikorwa bizotegekanirizwa uburyo, rwashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere**

Urwo rutonde rwakozwe ubushikiranganji bw'ikigega ca Reta bubifashijwemwo n'abafashanya n'Uburundi, harimwo n'abanyamabanga ntayegayezwa bo mu bushikiranganji butandukanye. Ruje kandi gushira mu ngiro ibitegekanywa n'ibwirizwa ryo muri Ruheshi 2022 rishinga ingene amahera ya Reta akoreshwa.

Nk'uko iryo bwirizwa ribivuga, ibikorwa bisaba uburyo bwa Reta bitegekanywa n'ibwirizwa rishinga amahera Reta ikoresha. Nico gituma integuro yavyo itegerezwa kwemezwa n'inama nshikiranganji kugirango ironke inguvu, kugirango kandi ubushikiranganji buyisunge mu gihe buriko burinjira muri ubwo buhinga bushasha bwo gutegura amahera Reta ikoresha.

Ku bushikiranganji cumi na butanu (15), imigambi yateguwe ni mirongo itandatu n'ibiri (62), ibikorwa bazorangura navyo ni amajana abiri na mirongo itanu (250).

Inama nshikiranganji imaze kwihwzeza urwo rutonde yashikirijwe, **yararwemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira:

- Guhinyanyura neza ingene ibikorwa bimwe bimwe bazorangurwa vyanditse biheze birungikirwe ubushikiranganji bw'ikigega ca Reta;
- Kurondera ishirahamwe rifise ubuhinga mu bijanye n'ubwo buhinga bushasha bwo gutegura amahera Reta ikoresha hafatiwe ku migambi n'ibikorwa, kugirango ryigishwe abahinga bo mu bushikiranganji bw'ikigega ca Reta nabo bazokwigishwe abo mu bushikiranganji butandukanye ;
- Imbere y'uko ukwezi kwa Ruheshi kurangira, ubushikiranganji bwose bwoba bwagenye abantu babiri bazokwigishwa ubwo buhinga hanyuma nabo baje kwigisha bagenzi babo bakorana;
- Muri Ruheshi canke muri Mukakaro 2023, hotehekanywa umwiherero kugirango abashikiranganji bigishwe ubwo buhinga bushasha;
- Kwerekana aho tugeze mu gutegura amahera Reta ikoresha hifashishijwe ubwo buhinga bushasha.

**8. Urwandiko rujanye n'umwimbu (performances) umukozi wa Reta ashikako, rwashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.**

Muri bishasha Igitabu c'amategeko agenga abakozi ba Reta gitegekanya, harimwo kurimbura umwimbu umukozi wa Reta yashitseko.

Bivanye n'amanota umukozi wa Reta yaronse, hari icyongera ku mushahara akongera akaduga n'ipete.

Ku bijanye n'uwo mwimbu umukozi wa Reta aba yashitseko, uru rwandiko rushikiriza ibi bikurikira:

- Ko ibijanye n'uwo mwimbu vyokwisunga intunganyo nshasha y'ingene amahera Reta ikoresha ategakanywa;
- Ko igihe co gusuzuma ingene umukozi wa Reta canke uwo mu bisata bindi vya Reta bigengwa n'amategeko vyisangije (statuts spéciaux) cotangura kuva kw'igenekerezo rya 01 Mukakaro 2023 ;
- Gutera umukono ku masezerano y'ivyo umukozi yiyemeje gushikako, imbere y'uko umwaka w'amahera ya Reta w'2023 ushira uw'2024 utangura ;
- Ubushikiranganji bujewe abakozi ba Reta bwoshiraho ibikenewe vyose mu bijanye n'umwimbu umukozi aba yitezweko, hisunzwe iyi ntunganyo nshasha y'ingene amahera ya Reta ategakanywa.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza urwo rwandiko, **yashikirije** ibi bikurikira :

- Guhindura uru rwandiko rukaba itegeko riza rishira mu ngiro ibitegekanywa n'ibwirizwa rigenga abakozi ba Reta;
- Guheraheza intambwe zisigaye kugirango itunganywa rishasha ry'imishahara y'abakozi ba Reta rije mu ngiro koko ;
- Gutera umukono ku masezerano y'ivyo umukozi yiyemeje kurangura imbere y'ukwezi kwa Ruheshi 2023 kurangira.
- Kuraba ko mu bushikiranganji bwose ata buhinga bwa none bafise (logiciel) bwoshobora kubafasha muri ico gikorwa.

**9. Urwandiko rwerekeye umugambi w'ishirahamwe MUSUMBA STEEL wo gutanguza kwimba no guhingura ubutare bw'icuma mu gace ka Bikobe mu karere Nyange-Songa mu Ntara ya Makamba, rwashikirijwe n'umushikiranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka.**

MUSUMBA Steel ni ishirahamwe ryo mu Burundi risanzwe rihingura ivyuma vyo kwubaka nk'amabati, imisumari, n'ibindi.

Ivyo rikoresha ribikura hanze y'igihugu, ivyo navyo bikaba bisaba amahera mvamakungu menshi ku gihugu.

Kugirango rihangane n'ico kibazo, iryo shirahamwe riragira utwigoro rigahingura ivyo rishoboye kuronka ngaha mu gihugu. Nico gituma ryasavye uruhusha rwo kugira ubushakashatsi bwo kurondera ubutare bw'icuma mu karere ka Nyange-Songa mu mwaka w'2019.

Kw'igenekerezo rya 27 Ntwarante 2023, ishirahamwe MUSUMBA Steel ryarasavye uburenganzira bwo gucukura ubwo butare no kubuhingurira aha mu gihugu, ku karere ka Nyange-Songa, ku gace ka Bikobe gapima ibirometero kwadarato cumi na bibiri(12).

Rizohingura amatoni mirongo itanu y'ivyuma ku munsu.

Inama nshikiranganki yihweje uwo mugambi, **yarawushimye irawushigikira**, ica ishikiriza ibi bikurikira:

- Ubushikiranganji bujewe ubutare bwoshiraho umurwi uzokurikirana icukurwa ry'ubwo butare bw'icuma;
- Ibisabwa n'amategeko vyokurikizwa muri uwo mugambi;
- Kwiga neza ingene igihugu cokorana n'amashirahamwe akorera mu gisata c'ubutare kugirango aze arigisha abahinga b'Abarundi;
- Gushigikira abazana imitahe mu gisata c'amasoko ntanganguvu kuko ari nkenerwa mu gikorwa co gucukura ubutare;
- Gutera intege iyindi migambi nk'uwo guhingura amabuye yo gushariza inyubakwa « marbre », ishirahamwe Soteb rifise ihangiro ryo kwimba inzahabu n'imiburiburi ibiro ibiro ijana (100) ku kwezi, n'umugambi wo guhingura ibizuku.

## 10. Utuntu n'utundi

Umushikiranganji w'abakozi ba Reta n'akazi yaramenyeshije igikorwa kiriko kirangurwa n'ubushikiranganji ajejwe, co gusuzuma ubusuma buri mu mishahara y'abakozi ba Reta. Yaravuze :

- Urutonde rw'abakozi amajana ane na mirongo itatu na babiri (432) usanga n'imiburiburi babiri basangiye ikonte bahemberwako ;
- Urutonde rw'abakozi mirongo itandatu na batandatu (66) bahemberwa ku konte zibiri zitandukanye;
- Urutonde rw'abakozi bagihembwa, ariko wihweje igihe bavukiye, bategerezwa kuba bakukurutse kuva kera.

Hihwejwe inkaratasi abo bakozi bashikirije be n'ibiri mu ma dosiye yabo, umurwi washizweho ngo wige ico kibazo wasanze iryo sangirwa ry'ama konte rifatiye kuri ibi bikurikira :

- Abakozi ba Reta bubakanye bakaba basangiye ikonte ;
- Abakozi ba Reta bubakanye imishahara yabo ikaba ica kuri konte y'umwe muri bo;



- Ababikira n'abafurera imishahara yabo ica kuri konte y'umurwi w'abihebeye imana (congrégation) barimwo ;
- Abakozi ba Reta imishahara yabo ica mu mashirahamwe yo kuziganya no kuguranana (microfinances). Imbere y'uko iyo mishahara ibashikira ibanza guca ku ma konte y'ayo mashirahamwe ari mu mabanki.

Yaramenyeshesheje ibiriko birakorwa kugirango ivyo bituma haba ukwitiranya ibintu bihaye, ariko ko igikorwa co gukurikirana ubusuma bubera muri ubwo bushikiranji kibandanya, kuko burahari.

Ku bijanye no gusuzuma abakozi imyaka bavukiyeko iteye amakenga, yamenyeshesheje ko ico gikorwa kibandanya.

Inama nshikiranganji yasavye ko abakozi bose bagirwa n'amakosa bahanwa, bikenewe amazina yabo yomenyeshwa ababifitiye ububasha, kugirango ingingo zibereye zifatwe.

Inama nshikiranganji yasavye kandi ubushikiranganji bwose kurungikira ubushikiranganji bujewe abakozi ba Reta urutonde rw'abakozi bashikirije imyaka yo gukukuruka.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 25 Rusama 2023

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'Umuwugizi wayo

Prosper NTAHORWAMIYE